


Vizit Videyo sou MyChart nan NYC Health + Hospitals!

MyChart se pòtay pou pasyan nou yo nan NYC Health + Hospitals ki ba w yon aksè elektwonik nan dosye medikal ou, 24 sou 24 ak 7 sou 7. Nou itilize MyChart tou pou nou bay vizit videyo, yon fason pou w resevwa swen sante lakay ou. Aprann plis anba a!

Vizit videyo sou esmatfòn/tablet: Itilize Aplikasyon MyChart la!

Si w panse itilize esmatfòn/tablet ou a pou vizit videyo w la, ou **dwe** telechaje aplikasyon MyChart la pou w ka patisipe nan vizit videyo a.

1. Itilize kamera esmatfòn ou an, eskane kòd QR ki anba a pou w ka telechaje **Aplikasyon MyChart** la gratis:






2. Ouvri Aplikasyon an epi konekte sou kont **MyChart** ou a.




Vizit Videyo sou MyChart nan NYC Health + Hospitals!


3. Klike sou ikòn **Visits (Vizit yo)**. Ansuit, klike sou **Video Visit (Vizit videyo)** epi apre klike sou bouton **Begin Visit (Kòmanse vizit la)** pou w antre sou vizit videyo ou a.




4. Ka gen yon fenèt ki parèt ki mande w si pwogram lan ka 'gen aksè a mikwo ou a'. Chwazi **“Allow” (Otorize)** oswa **“Yes” (Wi)**. Sa ap pèmèt mikwo w la konekte, konsa founisè w la ka tande w pandan vizit videyo w la.
5. Gen yon lòt fenèt ki ka parèt, ki ap mande w pou li 'gen aksè a videyo w la oswa kamera ou a'. Chwazi **“Allow” (Otorize)** oswa **“Yes” (Wi)**. Sa ap pèmèt kamera w la konekte, konsa founisè w la ka wè w pandan vizit videyo w la.
6. W ap antre nan yon sal atant kote w ap tann doktè a fini ak pasyan ki te la anvan an. Doktè w la ap wè ke w nan sal atant vityèl la, kidonk l ap vin jwenn ou nan yon ti tan ki kout!



4.




5.



6.

Vizit Videyo sou MyChart nan NYC Health + Hospitals!

7. Pandan w ap tann lan, verifiye koneksyon videyo/son ou an, itilize bouton ki nan 'sal atant founisè w la' (Provider's waiting room).




1. Pou w konfime ke **kamera** w la prè, klike sou bouton Camera (kamera) a ki anlè sou bò goch la
2. Pou w verifiye **Videyo** w la, klike sou bouton Video (videyo) a pou w kache oswa aktive/dezaktive videyo w la. Se jis yon tès pou w asire w ke videyo a mache.
3. Pou w verifiye **Mikwo** w la, klike sou bouton Microphone (mikwo) a. Eseye pale epi gade si liy pou son an bouje pandan w ap pale a.
4. Pou w verifiye si **Spikè** ou an mache, klike sou bouton Speaker (spikè) nwa a epi gade si w tande yon son "ping".

Vizit videyo sou yon òdinatè: Itilize yon Navigatè ke MyChart sipòte!


(REMAK: Vizit Videyo PA mache sou Internet Explorer)

- [Chrome](#)
 - [Firefox](#)
 - [Safari](#)
1. Konekte sou kont **MyChart** ou an, ale nan meni **Visits (Vizit yo)** epi seleksyone Vizit Videyo w la nan lis randevou ki gen pou vini yo, klike sou **Details (Detay)**, ansuit klike sou **Begin Video Visit (Kòmanse Vizit Videyo ou a)**.



Vizit Videyo sou MyChart nan NYC Health + Hospitals!

2. Doktè w la ap wè ke w nan **sal atant Founisè a (Provider's waiting room)**, kidonk l ap vin jwenn ou nan yon ti tan ki kout!
3. Pandan w ap tann lan, verifye koneksyon videyo/odyo ou an, itilize bouton ki nan sal atant founisè w la (Provider's waiting room).



1. Pou w konfime ke **kamera** w la prè, klike sou bouton Camera (kamera) a ki anlè sou bò goch la.
2. Pou w verifye **Videyo** w la, klike sou bouton Video (videyo) a pou w kache oswa aktive/dezaktive videyo w la. Se jis yon tès pou w asire w ke videyo a mache.
3. Pou w verifye **Mikwo** w la, klike sou bouton Microphone (mikwo) a. Eseye pale epi gade si liy pou son an bouje pandan w ap pale a.
4. Pou w verifye si **Spikè** ou an mache, klike sou bouton Speaker (spikè) nwa a epi gade si w tande yon son "ping".